

Mata Pelajaran: Bahasa Sunda
Kelas/Semester: VIII (Dalapan) / Genap
Materi: Artikel

A. Pilihan Ganda (Pilih jawaban nu pangbenerna)

1. Artikel téh nyaéta tulisan anu disusun dina wangun
A. Ugeran (puisi)
B. Lancaran (prosa)
C. Drama
D. Kawih
2. Sanajan eusi artikel téh mangrupa opini atawa pamadegan pangarang, tapi kudu dumasar kana
A. Khayalan
B. Dongéng
C. Fakta
D. Gosip
3. Di handap ieu anu lain tujuan tina nulis artikel, nyaéta
A. Pikeun nepikeun informasi
B. Pikeun méré pangaweruh anyar
C. Pikeun ngabingungkeun nu maca
D. Pikeun nambah wawasan nu maca
4. Fakta dina artikel biasana dicokot tina hasil
A. Panalungtikan atawa pangalaman sorangan
B. Ngalamun di kamar
C. Carita babaturan nu can tangtu bener
D. Ngarang bébas
5. Bagian awal dina artikel anu gunana pikeun ngawanohkeun topik nu rék dibahas disebut
A. Eusi
B. Panutup
C. Bubuka
D. Kacindekan
6. Inti tina artikel nu ngajelaskeun gagasan utama jeung arguméntasi pangarang aya dina bagian
A. Bubuka
B. Eusi
C. Panutup
D. Judul
7. Bagian panutup dina artikel biasana eusina mangrupa
A. Pangwanoh topik
B. Data diri pangarang
C. Kacindekan tina pedaran
D. Daftar pustaka
8. Cara nepikeun gagasan anu dimimitian ti hal-hal umum tuluy kana hal-hal anu husus disebut alur
A. Induksi
B. Déduksi

- C. Campuran
- D. Narasi

9. Sabalikna, cara nepikeun gagasan anu dimimitian ti hal-hal husus tuluy kana hal-hal anu umum disebut alur

- A. Induksi
- B. Déduksi
- C. Deskripsi
- D. Eksposisi

10. Artikel biasana dipublikasikeun atawa dipidangkeun dina média ieu, iwal (kecuali)

- A. Koran
- B. Majalah
- C. Buku catetan harian (diary)
- D. Bulétin

11. Lamun urang rék ngirim artikel ka média massa, urang kudu merhatikeun

- A. Harga keretasna
- B. Kasaluyuan téma jeung karakter média
- C. Jarak kantor redaksi
- D. Naran pamingpin redaksi

12. Conto kasaluyuan téma nu bener nyaéta

- A. Ngirim artikel tatanén ka majalah olahraga
- B. Ngirim artikel game online ka majalah kasenian
- C. Ngirim artikel kaséhatan ka majalah kaséhatan
- D. Ngirim artikel pulitik ka majalah barudak TK

13. Pihak anu netepkeun aturan atawa sarat tulisan dina hiji média nyaéta

- A. Girang Rumpaka (Déwan Redaksi)
- B. Tukang cetak
- C. Nu maca
- D. Pamaréntah

14. Struktur artikel anu bener tur ngaruntuy nyaéta

- A. Eusi - Bubuka - Panutup
- B. Bubuka - Eusi - Panutup
- C. Panutup - Eusi - Bubuka
- D. Bubuka - Panutup - Eusi

15. Dina nulis artikel, "opini" téh hartina sarua jeung

- A. Fakta nu kajadian
- B. Pamadegan atawa pikiran pangarang
- C. Hasil panalungtikan ahli
- D. Berita bohong

B. Éséy (Jawab kalayan singget tur jéntré)

1. Jelaskeun naon anu dimaksud ku artikel!
2. Sebutkeun jeung jelaskeun tilu bagian utama tina struktur artikel!
3. Jelaskeun bédana alur pikir déduksi jeung induksi dina nulis artikel!
4. Timana waé sumber fakta anu bisa dipaké pikeun bahan nulis artikel?

5. Sebutkeun dua hal nu kudu diperhatikeun upama urang hayang ngirim artikel ka média massa!